EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# QARAQALPAQLARDA TUWISQANSHÍLÍQ QATNASÍQLARÍ HÁM TUWÍSQANSHÍLÍQ TERMINLERI SISTEMASÍ

**Nasiratdinov Sapar Jetkerbay ulı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universitetinińiń
≪Etnografiya, etnologiya ham antropologiya≫ qániygeliginiń 2-basqısh talabası

https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7890087

**ARTICLE INFO**

Received: 25th April 2023
Accepted: 30th April 2023
Online: 01st May 2023

**KEY WORDS**

*Shańaraq, tuwısqanshılıq, áke, quda, hayal, neke, talaq, toy, ajrasıw.*

**ABSTRACT**

*Qaaraqalpaqlarda tuwısqanlıq qatnaslar ásirler dawamında qalipleskeń, yarım kóshpeli xalıqlarǵa tán bolǵan, uruw-qáwimlik qatnaslar, hám patriarxatlıq qaǵıydarlar menen túsindiriledi. Izleniwler sonı kórsetetdi aǵıyın-tuwısqanıń róli ásirise shańaraqtıń ómirindegi márásimlerinde kórinedi. Joqarıda aytılǵan pikirlerden kelip shıqqan halda hám bir shańaraq tómendegi semantikalıq tuwısqanlıq toparlardı kirgizedi:*

1) *Tuwısqanlar;*
2) *Neke (erli-zayıp);*
3) *SHańaraq (ata-ana hám balar).*

*Jánede bul shańaraq tómendegi semantikalıq komponentlik maydanlardan ibarat: 1) kúndelikli turmıs jaǵday, 2) shańaraq hám tuwısqanlıq qatnasıqları, 3) shańaraq konceptine kiretuǵın abstaktlıq kóz-qaras – a) tuwısqanlıq qatnaslar, b) neke qatnasıqları, ata-ana hám perzent qatnasıqları bolıp tabıladı.*

*Ulıwma túrkiy xalıqlardıń tuwısqanlıq kategoryası hám sisteması semantikalıq jaqtan bir-birine tuwrı keledi. Tuwısqanlıq kategriyalar jas, jınıs hám sociallıq steriotipler menen xarakterlenedi.*

*Tuwısqanlıq terminler xalıqtıń dástúriy aspektlerdiń biri bolıp etnografiya iliminde arnawlı baǵdarlar sıpatında ilimiy áhmiyetke iye.*

Úlken bólinbegen shańaraqtıń joq bolıwına qaramastan, qaraqalpaq shańaraǵı quramında oǵan tán bolǵan shańaraq aǵzaları hám tuwısqanlar ortasındaǵı múnásibetler júdá barqarar bolıp qaldı. Bul ásirese patriarxal baylanıslardıń ústemligi menen baylanıslı. Shańaraq basshısı ákeniń húkimranlıǵı sheklenbegen edi. Ol barlıq shańaraq aǵzalarınıń tágdirin sheship, onıń aytqanları zań bolıp, onı heshkim buza almaǵan. Heshqashan ákege qarsı shıǵıwǵa, ol menen tartısıwǵa jol qoyılmaǵan. Ulları onıń ruxsatısız nekeden óte almaǵan hám ádette ákeniń ózi kelindi ózi tańlaǵan hám quda túsip, qalıń maldı kelisken. Hátte ulları bólek shıqqannan sońda ózbetinshe bola almaǵan hám xojalıqtı onıń kórsetpesi

boyınsha júritip, bárqulla onı sózsiz tińlaǵan. Bólek shıqqanda áke balasına qanday múlik beretuǵınlıǵın belgilep, shańaraqtıń barlıq múlkin ózi bólistirgen. Shańaraqta ákeniń ústemligi tek ǵana patriarxallıq dástúrler menen ǵana emes, bálkim ornatılǵan sháriyat tárepinen qollap quwatlanǵan. Islam hám musılman ruwxanıyleri shańaraq basshısına sózsiz boysınıwdı talap etken. Onıń ǵargısı balası, qızları yaki hayalı ushın eń úlken baxıtsızlıq esaplanǵan. Qaraqalpaqlar arasında “Ǵargısqa ushıraǵan bala” degen maqal bolǵan.

Ákesiniń óliminen soń onıń huqıqları úlken ulına ótken. Kishi bala, joqarıda aytılǵanınday, huqıqqa iye bolmaǵan… dástúr boyınsha ol ata-anası menen qalǵan hám olarǵa ólimine shekem qaraǵan. Shańaraqta qaraqalpaq hayalları Orta Aziyanıń basqa xalıqları sıyaqlı iybege iye bolǵan.

Bunday teńsizlik sháriyat boyınsha dúnyadan ákeniń mal-múlkin bólistirgende júz bergen. Quranı kárimniń 4-12 (11) súresinde “Alla sizlerge balalarıńız haqqında wásiyat qıladı: ul perzenttiń úlesi usında eki qız perzenttiń úlesine teń”. Hayallar aqılıy jaqtan da erkeklerden tómen turǵan. “Hayallardıń shashı uzın, aqılı qısqa” degen maqal tarqalǵan. Hayallarǵa er adamnıń jolın kesip ótiw qadaǵan etilip, bul jaqsılıqqa alıp kelmeydi dep esaplanǵan. “Eger hayal erkektiń jolın kesip ótse, jol sátsiz boladı” dep aytılǵan. Kúyewi hayalı menen jánjelleskende, ol tuwrı yaki tuwrı emes bolıwınan qátiy názer, hayalın urıwı lazım bolǵan. Kim hayalın urmasa, kim hayalına qulaq salsa, sol adamǵa mısxıllawshı “qatın” (baba) degen at berilgen. Mollalar “Kim hayalın ursa, sol dozaqqa túspeydi”dep uqtırǵan Kúyewiniń úyinde hayaldıń bunday tómen jaǵdayı kóbinese kúyewiniń úyinen qashıwǵa hám bazıda hayallardıń óz janın qurban qılıw jaǵdaylarına… Infomator Jumaǵalieva Amina 63-jasta, revolyuciyaǵa shekemgi óz ómirin aytıp bermekte: “Meniń jasım 15 tolǵanda, ákem meni 30 jaslı aqsaq adamǵa sattı. Men onı jaqsı kórmegenmen, biraq meni atastırdı hám uzatıp jiberdi. Ol menen eki jıl jasadım hám basqa adamǵa qashıp ketkenim soń ákem sháriyat nızamın buzǵanım hám onıń xalıqtıń hám tuwısqanlar aldında abıroyın tókkenim ushın meni ólimine shekem kórmedi hám kóriwdi de qálemedi”.

Bunday tariyx tek ǵana onıń basınan emes, bálkim kópshilik qaraqalpaq hayal-qızları basınan da ótken. Sonı aytıw lazım, patshashılıq bunday jaǵdaylarda hayallar jaman kóretuǵın kúyewlerine qaytqan. Bul haqqında arxivtegi Xiywa xanınıń Ámiwdárya bólimi baslıǵı menen jazısqan hújjetler de aytılǵanın kóriwge boladı. Mısal ushın, Ámiwdárya bólimi basshısı Razgonovtıń Xiywa xanına jazǵan xatında (1830 jıl) biz Náwpir volostındaǵı qaraqalpaq Magomet Murat Karakulovtın xiywalı Yanıxalı onıń hayalı Gúlxandı alıp ketkeni haqında shaǵımın kóriwimizge boladı. Razgonov shaǵımdı sháriyat boyınsha sheshiwdi soraydı. Bunday qashıwlar hayallardıń razılıǵı menen ámelge asırılǵalıgın esapqa alıw kerek. Bul haqqında sol arxivtegi basqa hújjet- Rozgonovtıń xanǵa 1887-jılı 1-dekabrdegi xatı anıq sóz etedi. Onda Shımbay volostlıǵındaǵı Tórebay Kazanbaevtıń hayalı Ulmesbiykeninıń Xiywa xanlıǵınıń sol volostlıqtaǵı qaraqalpaq úyinen alıp qashıp ketkenligi haqqında aytıladı. Ámiwdárya bólimi baslıǵı bul jaǵdayda hayaldı izlep tawıp, isti kórip shıǵıwdı soraǵan.

Sháriyat boyınsha ajırasıwǵa ruxsat etilgen, biraq bunda er adam ǵana ajırasıwǵa ruxsat beriw huqıqına iye bolıp, hayallarǵa qadaǵan etilgen. Eger kúyewi úsh márte “talaq” dep aytsa, bul ajırasıw ushın jetkilikli bolǵan. Biraq, ol bul sózlerdi aytqan waqtında eki adam (jası úlken) gúwa sıpatında sol jerde qatnasıwi kerek bolǵan. Bunnan soń hayal ata-anasınıń úyine ketken. Eger ol qayta basqa adamǵa turmısqa shıǵatuǵın bolsa, ekinshi kúyewi birinshi

kúyewi menen jarasıwı yağnıy oğan tólem esabında mal yaki pul beriwi kerek bolğan. Sol jağdayda ğana ajırasqan hayal erkin ("bası ashıq") esaplanıp ekinshi márte shańaraq qurıwı múmkin bolğan. Eger kúyewi ajırasqan soń basqa hayalğa úylenip, onıń nekesi sátsiz bolıp qayta ajırasqan jağdayda hám bul waqıt aralığında birinshi hayalı shańaraq qurmağan jağday da ol oğan qayta úyleniwi múmkin edi. Bunda da ol jáne qatnasıw ushın sol aldıńğı adamlarda izlep tabıwı lazım bolıp, soń aldıńğı hayalı menen diniy máresim "neke qıyıw" qayta ámelge asırılğan. Ádette, ajırasıw waqtında molla da qatnasqan. Ol kúyewge Quran bergen. Ol óz náwbetinde kitaptı qolına alıp, úsh márte "talaq"sózin aytıwı lazım edi. Bul ajırımnıń nızamlı dúzilgenligin ańlatqan. Er adam ushın ajırasıw qansha ańsat bolsa, hayallar ushın ajırım ushın huqıqqa iye bolıw sonshelli mashaqatlı edi. Kópshilik jağdaylarda talaq qazı tárepinen jazılıp, talaq xatı dep atalğan.

Joqarıda aytılğan Jumağalieva Amina birinshi kúyewinen altı ay dawamında ajırasıw ushın ruxsat ala almağan. Tek ğana, oğan 8 bas qara mal bergen soń ruxsat alğan. Qazaq hayalları ajırasıw ushın ruxsat alıwdıń qıyınshılıqları haqqında qazaq turmısın úyreniwshi P.E.Makoveskiydıń jazıwınsha " Hayal hesh waqıtta ajırasıwdı talap ete almağan- kúyewiniń qıyanet etiwi de, kúyewiniń ayawsız múnasıbeti de kúyewinen ketiwine jol qoymağan, eger hayal qanday-da bir sebebke kóre ketıwdi oylasa, bay onıń kúyewiniń shağımı menen artına qaytıwğa hám ózi jaman kóretuğın adam menen jasawğa májbúr qılğan. Kúyewiniń tárepinde tek bay ğana emes, hákimshilikte bolğan. Arxivte Ámiwdárya bólimi baslığı Grongelmniń (1885 jılı) Xiywa xanına jazğan xatında ol, Kegeyli volostındağı qaraqalpaq Jumanazar Sadikovqa 153 rubldi burıńğı ajırasıp, Kubetaw aymağındağı túrkmenge qayta ekinshi márte turmısqa shıqqan hayalı Safari menen birge izlep tabıwğa járdem beriwin sorağan. Bul da Amina Jumagalieva sıyaqlı kúyewine ajırasıw ushın beriliwi kerek bolğan tólemniń bir bolegi bolıwıda múmkin.

Qaraqalpaqlarda tuwısqanshılıq baylanısları júdá bekkem hám keń tarmaqlanğan. Bul urıwlıq turmıstıń tereń qaldıqaları menen baylanıslı edi. Tuwısqanlar birqansha kategoriyağa bólinip, olardıń hár birine baylanıslı óz ara qatnasıqtıń belgili qağıydaları hám ádetleri bar edi. Tuwısqanlardıń birqansha keń jıyınları toy, ul perzenttiń tuwılıwı, ul balanı súnnet qılıw (súnnet toy), jerlew hám eslew sıyaqlı shańaraq máresimleri waqıtında júz bergen. Bulardıń hámmesi birge awqatlanıw menen birge alıp barılıp, bunıń ushın kóp qárejet sarıplanıp, kóp muğdarda janlıq soyılğan. Qanlas tuwısqanlar jaqın hám uzaq tuwısqanlarğa bólingen. Úshinshi áwladqa shekem bolğan tuwısqanlar eń jaqın "jaqın tuwısqan" esaplanğan. Úshinshi áwlaqtan keyingi (4, 6 hám onnan keyingiler) áwladlar uzaq esaplanıp, "nemere-shóbere" (sonday-aq keyingi aqlıqlar) dep atağan.

Jaqın tuwısqanlar menen birge ortaq turmıs keshirip, ádette bir awılda jasasa, "uzaq"lar bir-birine kemirek kelgen. Qaraqalpaqlarda bul eki túrdegi tuwısqanlar haqqında naqıl-maqallar bar, olardan biri jaqın tuwısqanğa yamasa onı ayırım waqıtları "ağayin"dep atağan (ağayin-úlken hám kishi ağa-ini), baylanıslı bolip, "Jaqın tuwısqanlardıń barı jaqsı, biz de tarıdan suyıq jarma ishtik".

Bul maqal masqaralaw xarakterine iye... qızğanshaq tuwısqanlardı ańlatqan. Eń jaqın tuwısqanlardı jaqsı kútip alıw kerek edi, olar ushın ... mal soyılıwı kerek edi. Usınday nemere-shóbere haqqında da astarlı maqal bar edi: "uzaq ağayin ne beredi? Gósh jep, súyegin sağan beredi". Ağayinlerdiń jaqın hám uzaqlığına qaramastan tuwısqanlar arasında neke qadağan

bolip, barlıq tuwısqanlar ekzogomiya ádetine boysınǵan. Eslewlerge qaraǵanda qanlas aǵayinler (áke tárepten) - ana tárepten de aǵayinler bolǵan, jánede ana tárepten, jánede hayal tárepten (neke boyınsha) aǵayinler bolǵan. Kóp ǵana shańaraqlarda bul eki hám onnan keyingi tuwısqanlar toparları bir-birine tuwra kelip neke qurǵan jaǵdaylar bolǵan, sebebi sol waqıtları qaraqalpaqlar bir urıwdan alıwdı maqul kórgen hám kóbinese óz hayalınıń anasın umıtqan hám qızı turmısqa shıqqan soń sol anası tuwılǵan awılǵa ketken.

Bugingi kúnge kelip olardıń bári ózgeriske ushıradi, házirleri jaqın uruwlas bolǵan qızǵa uyleniw kóbinese toqtadı. Informatorlardıń bergen maǵliwmatlarına qaraǵanda bunday tabuw eń eski qaraqalpaqlardıń ata-bablarına tán bolıp awil aq-saqaları usı dástúrdi qollap quatlaydi.

Biraq ananıń tuwısqanları(dayı) menen, hám de kelininniń aǵayinleri(quda) menen dástúriy qatnasıqlarına qatań ámel etilgen hám XX ásir basina shekem awılda qaraqalpaq shańaraq turmısına qattı tásir etip otırǵan. Áyyemgi shańaraq formalarınan (matriarxal hám patriarxal shańaraq formaları) miyras bolıp qalǵan úrp-ádet hám máresimler urıwshılıq dúziminiń basqa qaldıqları menen tıǵız baylanıslı bolıp, turmıstiń ulıwmalıq jabıqlıǵın saqlap qalıwǵa xizmet qıldı. XX ásirdiń bası na kelip ǵana bul diywallar buzıla basladı. XX ásir ishinde qala urbanizaciya protsessi ósiwi menen nekeler (bólingen tek bir awladqa iye) shańaraqlar kóbiyip basladı. Biraq, ayırım shańaraqlar eski dástúrlerge kóp balalı hám birneshe áwladtan ibarat bolıp házirge shekem birge jasap atır.

Qaraqalpaq shańaraǵı aǵzalarınıń óz-ara múnásibetlerin, kóplegen áyyemgi shańaraq dástúrlerin túsiniw ushın tuwısqanshılıq terminleri sistemasın esapqa alıw júdá áhmiyetli esaplanadı.

Qaraqalpaqlarda tuwısqanshılıq hám onıń qásiyeti nomenklaturası birinshi márte T.A. Jdanko miynetinde, sonday-aq S.K.Kamalov, A.S.Morozovoy hám U.X.Shalekenovlardiń miynetlerinde azǵana bolsa da óz kórinisin tapqan. T.A.Jdankonıń jazıwınsha qaraqalpaqlarda keń tarqalǵan tuwısqanshılıq atamalarınıń túsindiriw sisteması neke hám tuwısqanshılıq múnásibetleriniń arxaik dástúrlerin sáwlelendiredi hám áyemgi dáwir esteligi bolıp, qaraqalpaqlardıń uzaq áwladları arasında bar bolǵan toparlıq neke izlerin súwretleydi· Sol qaraqalpaqlarda bolǵanı sıyaqlı Orta Aziyanıń basqa xalıqları arasında da dástúriy tuwısqanshılıq terminleri sisteması saqlanıp qalǵan bolıp, qırǵız hám Altay xalıqları ortasındaǵı tuwısqanshılıq sistemasın úyrengen N.P.Direnkova barlıq túrkiy xalıqlar arasında uqsas bolǵan ósiwdın klassifikaciyalıq sistemasınıń tiykarǵı ózgesheliklerin ashıp berdi. Bularǵa tómendegiler kiredi: túrli dárejedegi tuwısqashılıq dárejesindegi shaxslardı pútin "klass" dep belgilew, aǵayinshilik terminlerin jasına hám jınısına qarap parıqlaw, terminologiyada ákelik hám analıq tuwısqanshılıq múnásibetlerin parıqlaw, Túrkiy xalıqlarınıń kópshiliginde qan tuwısqanshılıǵı atamasınan tısqarı neke jolı menen aǵayinshilikti bildiriwshi atamalar da bar. Orta Aziyanıń túrkiy tilli xalıqlarınıń, sonday-aq kóp ǵana Altay xalıqlarınıń tuwısqanshılıq atamaları hám ózgesheliktleriniń barlıq ulıwma belgilerin biz qaraqalpaqlarda da kóremiz.

## References:

1. P.E. Makovecskiy. Materialı dlya izucheniya yuridicheskix obıchaev kirgizov, vıp. 1, Omsk, 1886, str. 24.

2. Bekmuratova A.T. Bıt i sem'ya karakalpakov v proshlom i nastoyaщem. Nukus, 1970. S. 16
3. CGIA UzSSR, fonda 125, delo №27, l 46 predostavleno A. Jdanko.
4. Tam je, delo №23 ya 56 (CGIA UzSSR, fonda 125, A. Jdanko.)